



Pou Piblikasyon Imedya: 02/11/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE AKÒ RÈGLEMAN SAN PRESEDAN ANT DEPATMAN TRAVAY ETA NEW YORK AK UBER

*Dapre akò a, Uber pral fè investisman transfòmè nan fon fidisi asirans chomaj  
New York la pou kouvri avantaj pase ak alavni yo*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon akò regleman san presedan ant Depatman Travay (Department of Labor, DOL) Eta New York ak Uber Technologies Inc., ki rezoud alafwa kontribisyon asirans chomaj nan pase ak alavni nan non chofè Uber ak Uber Eats ak sila yo ki fè livrezon. Uber pral kòmanse fè peman chak trimès nan Fon Fidisyè Asirans Chomaj Eta New York epi pral fè yon peman retwoaktif nan Fon Fidisyè Asirans Chomaj (Unemployment Insurance, UI) pou peman li dwe depi 2013. New York se premye eta nan peyi a ke Uber te konkli yon akò ki abòde responsablite asirans chomaj nan pase ak alavni.

"Akò san presedan sa a ak Uber voye yon mesaj pisan bay moun k ap travay yo: New York soutni w", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Administrasyon mwen an pran angajman pou defann travayè yo epi asire yo jwenn salè ak avantaj yo merite. Se poutèt sa Depatman Travay nou an te travay yon fason agresif pou rive jwenn avèk siksè yon akò ki jis nan non moun New York yo".

Anplwayè yo peye nan Fon Fidisyè Asirans Chomaj Eta a chak trimès, ki finanse avantaj yo peye travayè ki nan chomaj yo. NYSDOL fè konnen chofè ak chofè livrezon Uber yo se anplwaye pou asirans chomaj; epi Uber afime ke yo se kontraktè endepandan. Kèlkeswa kalifikasyon sitiyasyon travay la, NYSDOL ak Uber dakò ke chofè ak chofè livrezon ki elijib pou avantaj chomaj yo ta dwe resevwa yo, epi Uber ta dwe kontribiye nan Fon Fidisyè Asirans Chomaj Eta a nan non yo.

**Komisè Depatman Travay Eta New York la, Roberta Reardon, te deklare,** "Pwoteje travayè yo se yon priyorite prensipal epi chofè Uber yo ak chofè livrezon yo gen dwa pou yo resevwa avantaj chomaj lè yo elijib, se poutèt sa nou te goumen pou règleman sa a. Mwen bat bravo pou Uber paske li te travay avèk nou pou asire chofè yo pwoteje pandan y ap fè pati pa yo pou garanti Fon Fidisyè Asirans Chomaj New York".

**Vis Prezidan Prensipal ak Direktè Jiridik Uber Technologies, Inc., Tony West, te deklare,** "Akòz lidèchip vizyonè nan Eta New York, Uber fè patenarya ak NYSDOL sou

yon akò ki se premye nan nasyon an ki pral asire chofè yo kontinye jwi endepandans ak fleksibilite yo apresye, pandan y ap gen aksè a pwoteksyon enpòtan yo".

Lòt detay, ki gen ladan kantite total montan akò a, pa ka divilge piblikman akòz lwa ak règleman federal ak eta ki limite divilgasyon done konfidansyèl sou asirans chomaj, ki gen ladan detay sou kont asirans chomaj yon anplwayè.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)